



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE ONZYÈM PWOPozISYON SOU DIKSOU ETA LETA 2020 AN: LEJISLASYON POU ANPECHE PREDATÈ SEKSYÈL YO ITILIZE REZO SOSYAL, APLIKASYON RANKONT AK JWÈT VIDEYO POU EKSPLOWATE TIMOUN

Pwopozisyon an chita sou lwa E-Stop New York la pou plis pwoteje timoun yo kont predatè yo sou entènèt

Cuomo: "Pwoteje timoun nan New York yo se priyorite prensipal nou e nou pa kapab kite pwogrè teknolojik yo tounen pòt dantre ki pèmèt predatè danjere sou entènèt la idantifye ak chase nouvo viktim. Lwa nou yo dwe mache nan vitès monn ki ozalantou nou an epi avèk mezi sa a nou pral ede pwoteje sila yo k ap itilize sitwèb ak aplikasyon sa yo epi sispann sila yo k ap chèche fè mal ak eksplwate timoun yo yon fwa pou tout".

Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante jodi a 11yèm pwopozisyon Diskou Eta Leta 2020 an - lejislasyon pou anpeche agresè seksyèl koupab yo itilize kont rezo sosyal, fonksyon mesaj aplikasyon rankont ak jwèt videyo yo pou eksplwate timoun. Pwopozisyon an chita sou lwa nasyonal e-STOP New York la, ki te adopte nan ane 2008 epi ki egzije agresè seksyèl yo anrejistre kèk aktivite sou entènèt avèk eta a.

"Pwoteje timoun nan New York yo se priyorite prensipal nou e nou pa ka kite pwogrè teknolojik yo tounen pòt dantre ki pèmèt predatè danjere sou entènèt la idantifye ak chase nouvo viktim", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lwa nou yo dwe mache nan vitès monn ki ozalantou nou an epi avèk mezi sa a nou pral ede pwoteje sila yo k ap itilize sitwèb ak aplikasyon sa yo epi sispann sila yo k ap chèche fè mal ak eksplwate timoun yo yon fwa pou tout".

Kòm Pwokirè Jeneral, Gouvènè Cuomo se otè Lwa sou Sekirite Elektwonik ak Siblaj Predatè sou Entènèt - oswa e-STOP. Lwa a egzije agresè seksyèl yo pou anrejistre ak kenbe ajou tout kont imèl aktyèl, non itilizatè ak nenpòt lòt idantifyan entènèt bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) nan eta a; lis la ale jwenn kèk konpayi rezo sosyal tou pou elimine agresè sou sit yo a.

Men avèk ogmantasyon rapid aplikasyon rankont ak rezo sosyal, predatè sou entènèt yo itilize plizyè zouti pou eksplwate timoun epi lwa aktyèl la pa pran an kont nouvo teknoloji sa yo.

Pou rezoud pwoblèm sa a, Gouvènè Cuomo ap pwopoze lejislasyon pou egzije tout agresè seksyèl yo divilge non itilizatè yo pou chak kont rezo sosyal oswa aplikasyon rankont/jwèt yo fè pati bay Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl olye pou sèlman bay adrès

imèl yo itilize pou kont sa yo. DCJS ap voye lis sa bay nenpòt founisè ke agresè a divilge epi founisè a pral gen obligasyon pou revize done sa a, devlope règleman sou jan pou itilize li ak libere règleman sa piblikman bay itilizatè yo.

Nouvo lejislasyon an pral fè li se yon krim tou pou agresè seksyèl koupab yo poutèt yo mal reprezante yo sou entènèt. DJCS pral bay konpayi sou entènèt yo enfòmasyon pou konpayi yo ka pi byen pwoteje itilizatè yo kont predatè yo. Konpayi yo dwe delimitè plis nenpòt aksyon yo pran an rapò ak kont sa yo. Nenpòt agresè ki te mal reprezante tèt li sou entènèt ap sibi plis sanksyon kriminèl.

Fleyo abi seksyèl sou entènèt la rete yon menas nan tout eta a epi pandan entènèt ak operasyon predatè seksyèl sou entènèt ap evolye rapid, se konsa lalwa dwe evolye tou. Yon dosye Tribinal Apèl dènyèman te jije ke lwa e-STOP la pa te presize ke agresè seksyèl yo te dwe divilge ke yo te gen yon kont Facebook si yo t ap itilize non reyèl yo. Sepandan, vrè entansyon lwa a bay zouti aplikasyon lwa pou elimine kont yo epi kontwole kont yo pou asire ke moun sa yo k ap konvèse avèk moun sou entènèt ka gen garanti ke moun sa pa yon predatè. Nan ane 2019, e-STOP te lakòz enfòmasyon nan kont 22,000 agresè seksyèl ki te anrejistre te elimine sou sit rezo sosyal yo.

Nan ranfòse lwa aktyèl la ak elaji li pou ajoute lòt zouti teknolojik ke predatè seksyèl yo itilize, sa ap bay aplikasyon lwa ak pwokirè yo kapasite pou kenbe agresè seksyèl yo responsab pou aksyon predatè yo.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)